*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 141 (25627)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 6 август — майрæмы мæйы 6 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** ХАБÆРТТÆ РАЙОНТÆЙ — *Æрдзон фыдбылыз*

**3** ЮБИЛЕЙ — *Дугтæ æмæ цард æвдисæг айдæн*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Спартакиадæ*

**Нæ монон хæзнатæ**

## Къостайы хæдзар-музей рацарæзтой

**Цæгат Ирыстоны Культурон бынтæ хъахъхъæнын æмæ сæ пайда кæныны комитеты сæрдар ГÆЛУАТЫ Ацæмæз куыд фехъусын кодта, афтæмæй Алагиры районы Нарыхъæуы Хетæгкаты Къостайы хæдзар-музейы рацарæзт кæронмæ ахæццæ.**

Аланыстоныл Саргъуыды 1100

— Хæдзар-музей комкоммæ уагæй бабæрæг кодтон. Рацарæзт баххæст кодта компани "СКИФОС-РСК". Бадзырдмæ гæсгæ кæуыл бафидыдтам, æппæт уыцы куыстытæ æххæстгонд æрцыдысты. Уымæй уæлдай, амынд компани йæхи хардзæй объекты рудзгуытæ æмæ сæр баивта, стæй йын йæ алыварс фæзуат банывыл кодта, — загъта Гæлуайы-фырт.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæным: хæдзар-музей рацарæзтой Аланыстоныл Саргъуыды 1100 азы юбилеймæ цæттæ кæныны мадзæлтты пълан æххæст кæныны фæткмæ гæсгæ.



**КОДЗЫРТЫ Валери**

**Советæй**

## Сразы сты инвестицион проекттимæ



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис скодта Инвестициты тыххæй советы æмбырд. Рæгъмæ рахастой цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, агропромышленнон комплекс æмæ арæзтады раззагдæр проекттæ.**

Зæгъæм, компани "Экологон регион Аланыстон"-ы æххæст кæны фидар коммуналон æппарæццæгтимæ куыст, дихгонд зæххы хайыл федералон автомобилон фæндаджы арæзтад кæй цæуы, уый тыххæй советмæ бахаста куырдиат. Сæ проект сæ хъæуы аивын, уый тыххæй уыд йæ ныхас генералон директор **Антон Катичевæн**. Бахъæудзæн ма сæ уæлæмхасæн зæххы хай, уым æрбынæттон уыдзысты æххуысгæнæн бæстыхæйттæ æмæ коммуникацитæ.

Инвестицион проекты фæрцы сараздзысты бырæттæ æвзарæн комплекс æмæ фидар коммуналон æппарæццæгты нырыккон полигон. Бынат ын ис Горæтгæрон районы.

Совет сразы хъæууонхæдзарадон куыстадон кооператив саразыны инвестицион проектимæ. Республикæйы экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыр** куыд бамбарын кодта, афтæмæй Бæтæхъойыхъæуы хъавынц сæнæфсир "мускат" æмæ "изабеллæ" ныссадзын, соя, нартхор æмæ мæнæуы куыст кæнын. Цæттæ продукци дæтдзысты хомагкуыстгæнæг куыстуæттæм. Дарддæр сæ зæрды ис сæнæфсир кусынæн ифтонггæрзтæ æмæ сæн аразынæн лицензи балхæнын. Куыстуаты фæзындзæн 20 ног кусæн бынаты.

Дзæуджыхъæуы хуссарныгуылæн хайы хъавынц цæрæнуætты комплекс саразын. Уыдзæн дзы бæрзонд æмвæзады уавæртæ, коммуналон, транспортон, социалон инфраструктурæ. Комплекс æххæст уыдзæн цæрæнуæттæй, коммерцион бæстыхæйттæй, сывæллæтты рæвдауæндон æмæ скъолайæ, фæлладуадзæн, хиирхæфсæн фæрæзтæй. Проект срæвдз уыдзæн 2024-2031 азты.

Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй адæмæн фæзындзысты хорзфадатджын цæрæнуæттæ, проекты авторты бахъæудзæн æфстæуттæ. "Цæгат Ирыстон экономикон æгъдауæй размæ цæуы. Аразынц нæм ахадгæ социалон объекттæ, цæрæнуæттæ, фæндæгтæ, нырыккон кусæн бынæттæ фылдæр кæнынц. Уыдæттæ цины аккаг сты. Фадатджын инвестицион фæстæ аразын кæй хъæуы, амалхъомадæн хуызæнæн уавæртæ — ууыл ныхас рагæй кæнæм. Уымæ гæсгæ Хицауад æмæ бынæттон разамынд æмгуыстад хъуамæ кæной, фæрæзтæ регионмæ здахой, национ проектты æмæ паддзахадон программæты архайой", — фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Цыбырæй**

## Бæрнон бынат бацахста



**Цæгат Ирыстонæй рацæуæг Мæрзаты Алан ссис Башкортостаны Республикæйы Хицауады Сæрдары хæдивæг. Уый тыххæй Указ бафыста республикæйы Сæргълæууæг Радий Хабиров.**

**Мæрзаты Алан дзуапп дæтдзæн Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады, Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады æмæ Транспорт æмæ фæндагон хæдзарады куыстæн.**

**Йæ хæстæ æххæст кæнынмæ бавнæлдта 1 августы.**

*Нæ уацхæссæг*

## Кæронмæ фæхæццæ кæны

**Дзæуджыхъæуы Уалдзыгон уынджы фæндаг Калинины уынгæй Цоколайы-фырты уынджы онг кæронмæ фæхæццæ кæны.**

Араджытæ асфальтæй æхгæнынц фæндаг. Куыстытæ конд цæуынц национ проект "Æдас хæрзхъæд фæндæгтæ"-мæ гæсгæ. Бынаты кусынц 15 адæймаджы æмæ техникæйы 8 иуæджы.



"Фæндагон фонд"-ы раззагдæр специалист **Цъæхилты Хасанбег** куыд радзырдта, афтæмæй зæрдæ æвæрынц, фæндаг фондз азы иттæг хорз уавæры кæй уыдзæн, уымæй.

**Нæ уацхæссæг**

**Æвзæрстыты агъоммæ**

## Ахуырадон семинартæ

**10-11 сентябры саразинаг æвзæрстыты рæстæг адæмы æвзарæн бартæ æххæст кæнынмæ йæ цæстчи дардзæн, Цæгат Ирыстоны уыцы æхсæнадон цæстдарджытæн райдыдтой ахуырадон семинартæ.**

Нæ бæстæйы ассоциаци "Хæдбар æхсæнадон цæстдард" æмæ Æхсæнадон палатæ кæй бацæттæ кодтой, ахæм программæмæ гæсгæ ахуырад ацæуæг адæймæгтæ æхсæнадон цæстдарджыты рæнхъытæм бацæуыны фæнд скæнæг граждайнаг активисттæн ахуырад амонынц.

Хъæлæс кæныны иумæйаг бон Æхсæнадон штабимæ æмархайды фæтк æмæ мæнг хабæртты ныхмæ архайды мадзæлттæ кæмæн амонынц, семинары уыцы архайджытæ исынц теоретикон æмæ практикон зонындзинæдтæ, стæй сæ зонгæ кæнынц æвзарæн закъонæвæрынады ногдзинæдтимæ. Ахуыргæнджытæ семинары архайджытæн сæ бартæ æмæ хæстæ бамбарын кæнынц, стæй сын моделон хайады æвзарæн къамисы фæрцы практикон ахуырад (уыимæ, æнæнхъæлæджы уавæрты сæвзæрды рæстæг уагахасты фæтк) амонынц.

Ахуырадон курс æппæтæй раздæр ацыдысты Алагиры районы цæстдарджытæ.

Æвзæрстытæм цæстдарды фæдыл æхсæнадон штабы разамонæг **Майрæнсауты Зураб** цæстдарджытæн æвзарæн хайады куысты фæтк бамбарын кодта, стæй, закъон фехæлды æвдисæнтæ рахатыны



рæстæг архайын куыд æмбæлы, уыдæтты тыххæй сын хабæрттæ радзырдта.

— Ахуырадон программæйы рæстæг фидæны цæстдарджыты зонгæ кæнынц хъæлæс кæныны ног хуызтимæ, стæй сын цæстдарджыты бартæ æмæ хæстæ бамбарын кæнынц. Ахуырад цæуы адæймаджы разæнгард кæныны уагæй. Къуырцдзæвæны уавæрты сæвзæрды рæстæг архайын куыд æмбæлы, активисттæн уый дæр амонынц. Фидæны цæстдарджытæ кæй райсой, уыцы зонындзинæдты хæрзхъæддзинад сбæлвырд кæныны фадат кæй фæрцы уыдзæн, ахуырадон семинарты кæрон ахæм фæлварæнтæ арæзт æрцæудзысты, — загъта Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы сæрдар **Нинæ Чиплакова.**

Æхсæнадон цæстдарæджы сæйраг хæс у æвзæрстыты, ныхилгæ сæм нæ кæнгæйæ, закъондзинадæн фадæттæ саразын. Цæстдарæг æвзарæгæн бæлвырд кандидатыл кæнæ партийыл схъæлæс кæнын нæ фæдзæхсы. Хъæлæс кæныны рæстæг архайæг закъонæвæрынад æххæстгонд цæмæй цæуа, цæстдарæг уымæ цæст дары æмæ аиппыты сæвзæрды рæстæг Æхсæнадон палатæйы архайæг штабæн æмбæлгæ уынаффæ рахæссынæн хабар фехъусын кæны.

**РУБАЙТЫ Нателлæ**

**Коммуналон лæггæдтæ**

## Электрон тыхæн фидын хъæуы

**Цæгат Ирыстоны разамынддæтæг компанитæ сæ хæстæ цæмæй бафидой, ууыл архайы куыстуат "Россети. Цæгат Кавказ".**

Разамынддæттæг компанитæ æмæ цæрæнуæтты хицæутты æмбалæдтæ иумæйагæй "Севкавказэнерго"-йæ хæс дарынц 510 милуан сомæй фылдæр. Æрмæст ацы азы райдайæнæй фæлхасгæнджытæ энергетиктæн нæ бафыстой 131 милуан сомы бæрц. Афæдзы фыццаг æмбисæн коммуналон ацы лæггадæн уыдон кæй бафыстой, уыцы фиддонты æмвæзад у æрмæстдæр 21,3 проценты.

Республикæйы бирæфатерон хæдзæрттæн лæггад цы 320 организацийы кæны, уыдонæн æрмæстдæр сæ 20 проценты электрон тыхæн фиды, куыд æмбæлы, афтæ. Иннæтимæ куыст цæуы сæ электрон тыхдæттæг компанитæн сæ хæстæ бафидыны тыххæй.

**Компани "Севкавказэнерго"-йы пресс-службæ**

**Æнæниздзинад**

## Коронавирусæй нырма тæссаг у

**Уæрæсейы æнхъæлмæ кæсынц, коронавирусæй рынчынты нымæц августы кæронмæ кæй фæфылдæр уыдзæн, уымæ. Афтæ зæгъы Гамалейы номыл Эпидемиологи æмæ микробиологийы наукон-иртасæн центры сæйраг наукон кусæг Анатолий АЛЬТШТЕЙН.**

Фæлæ, йæ хъуыдымæ гæсгæ, низ ногæй та хæлиу куы кæна, уæддæр Уæрæсейы æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабаз йæ ныхмæ æнцонæй фæлæудзæн, уымæн æмæ низы ног хуыз "омикрон"-æй рынчынтæн сæ уавæр уæззау нæ вæййы, æмæ сæ рынчындæтты æххуыс, стæм рынчынтæй фæстæмæ, нæ бахъæудзæн.

Коронавирус парахат кæныны ныхмæ архайыны оперативон штабы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, фæстаг суткæйы дæргъы Уæрæсейы сбæрæг ковидæй фæрынчыны 17 мин ног цауы, низæй амард 44 адæймаджы. Бон раздæр та бæрæггонд æрцыд коронавирусæй фæрынчыны 638 ног цауы, суткæмæ амард 43 адæймаджы.

**Нæ уацхæссæг**

**Цæстдард**

## Хъуыддаджы балц

**Дыгуры районы рæвдауæндæттæ æмæ скъолатæ ног ахуыры азмæ цæттæ куыд сты, хъуыддаджы балцы рæстæг Цæгат Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы министр АЛЫБЕГТЫ Эллæ уый сбæлвырд кодта.**



Ацы хабар фехъусын кодта профилон ведомствæйы пресс-службæ.

— Рæвдауæндæттæ æмæ скъолатæ ног ахуыры азмæ сæхи парахатæй цæттæ кæнынц. Ахуыргæнæндæттæ сывæллæтты райсынмæ цæттæ куыд сты, республикæйы æппæт районтæм æрбацæугæйæ, мах уый сбæлвырд кæндзыстæм. Скъолатæ æмæ рæвдауæндæттæм уæлдай фылдæр æргом здахæм. Иуæй-иу хъæндзинæдтæ аиуварсгæнинаг сты. Бирæ ахуыргæнæндæттæ хаст æрцыдысты бындуронæй цалцæг кæныны программæмæ. 2024-2025 азты æхсай аст скъолайы бындуронæй сцалцæг кæнынмæ хъавæм. Аиппытæ аиуварс кæнынæн стыр æхцайы фæрæзтæ бахардз кæнын кæй хъæуы, уый æмбарæм, — загъта министр.

**Нæ уацхæссæг**

### Дзырды фарн

*Æрдз анызъуыры царды фыдмитæ, рæстæджы зынтæ, хи сагъæстæ æмæ бирæ æндæр хъуыдытæ.*

*ФÆРНИОН*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **6 августы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **24-29 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **24-26 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 14,16

**Хурыскаст** — 04,58
**Хурныгуылд** — 19,14

Валютæйы аргъ — **Доллар** — 60,45 ↓ **Евро** — 61,49 ↓

12+

Не 'мзæххонтæ

# Майданæй йæ схорзæхджын кодтой

**Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путины Указмæ гæсгæ, æхсар æмæ хъæбатырдзинад равдисыны тыххæй 4-æм æфсæддон базæйы æфсæддон службæгæнæг ТЫДЖЫТЫ Игоры схорзæхджын кодтой Жуковы майданæй.**



— Волновахæмæ 'ввахс хъæутæй иу сæрибар кæныны фæдыл хæсты архайдтам. Ахæм кадджын хæрзиуæг мын кæй саккаг кæндзысты, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Хæрзиуаджытыл фæстагмæ ахъуыды кæнæм. Хæстон хæслæвæрд баххæст кæныны фæстæ æфсæддон хаймæ куы æрбаздæхтыстæм, уæд нын хæрзиуджытæ радтой, — зæгъы æфсæддон службæгæнæг.

Хæстон хæслæвæрд æххæст кæныны рæстæг чи фæцæф, ныртæккæ дохтыртæ уыцы не 'мзæххонты дзæбæх кæнынц.

Тыджыйы-фырты æмслужбæгæнджытæ **Цоциты Тимур** æмæ **Багаты Аланæн** дæр радтой кадджын паддзахадон хæрзиуджытæ.

**РУБАЙТЫ Нелли**

Æнæниздзинады къуым

# Йæ пайда — ницы, йæ зиан — бирæ

**А фæстаг рæстæг нæлгоймæгтæ се 'нæниздзинадыл арæхдæр хъуыды кæнын райдыдтой. Ууыл дзурæг у, тамакойыл йæ къух чи систа, уыцы нæлгоймæгтæ афæдзæй-афæдзмæ фылдæр кæй кæнынц. Фæлæ уый хыгъд фылдæр кæны тамакодымæг сылгоймæгты нымæц. Хъуыддаг сагъæссаг кæй ссис, уым аххосджын у рекламæ.**

## Сæ фылдæр сылгоймæгтæ

Тамакоуадзæг компанитæн сæ куыст хæссы стыр пайда, уыдонæн уый у амалхъомад. Фæлæ адæмы æвзæр ахуырыл кæй ардауынц, ууыл хъуыдыгæнæг нæй. Уымæн ис сæрмагонд бæрæггæнæнтæ дæр. Социологтæ куыд бафиппайдтой, афтæмæй, зæгъæм, Испанийы, 1970 азæй фæстæмæ, тамакомæ æмхицгæнæг рекламæ телевизортæй цас фылдæр æвдыстой, уый бæрц фылдæр кодта тамакодымæг æрыгон сылгоймæгты нымæц. Æрыгон чызджытæ æмæ сылгоймæгтæм йе 'ргом здæхт кæмæн уыд æмæ, тыхмигæнæгыл банымайæн кæмæн ис, уыцы рекламон компанийы аххосæй фæфылдæр тамакодымæг япойнаг сылгоймæгты нымæц дæр: зæгъæм, 1986 азы уыдон уыдысты æппæт япойнаг сылгоймæгтæн сæ 8,6 проценты, 1991 азы та — 18,2 проценты. Æмæ азæй-азмæ сæ нымæц кæны фылдæр.



Зæххы цъарыл цæрæг адæмæй тамако чи дымы, уыдонæн сæ 20 проценты сты сылгоймæгтæ. Уыимæ, раззагдæр бæстæты цæрджытæн тамакодымæг сылгоймæгтæ сты сæ 22 проценты, рæзты фæндагыл чи лæууы нырма уал, уыцы бæстæйы цæрджытæн та сæ 9 проценты. Уæрæсейаг сылгоймæгты тыххæй куы дзурæм, уæд уыдоны 'хсæн та ис 13-15-аздзыд тамакодымæг чызджытæ дæр.

2009 азы хъуыстгонд компанитæй иу уадзын райдыдта хæрздæфгæнаг тамакотæ. Сæ къопп дæр уыд ирд æмæ æрттиваг, цæмæй сæ цæст йæхимæ æлваса. Ацы тамакотæ уагъд æрцыдысты æрмæстдæр Уæрæсейы уæй кæнынæн. Зынаргъ дæр нæ уыдысты, сæ аргъ уыд, æрыгон чызгæн йæ дзыпп цас амоны, ахæм — 1 доллар тамакойы къоппæн.

Ацы сайæн ми бафæзмыдта иннæ тамакоуадзæг компани дæр æмæ 2010 азы йæ тамакотæ уадзын райдыдта, уыцы азы модæмæ гæсгæ рæсугъддæрыл цы хуыз нымад уыд, уыцы хуызы къоппыты.

## Тамакойы рекламæйы фæстиуджытæ

Нæлгоймæгтимæ абаргæйæ, сылгоймаджы æнæниздзинад тамако халы ноджы æгъатырдæрæй. Зæрдæимæ баст низтæ тамакодымæг сылгоймæгтæм фæзынынц дыууæ хатты арæхдæр, тамако чи нæ дымы, уыцы сылгоймæгтимæ абаргæйæ. Уый уымæн, æмæ никотины аххосæй дадзинтæ снарæг вæййынц, æмæ тæссаг свæййы туджы къуыбартæ (тромбтæ) фæзынынæй. Нæлгоймæгтимæ абаргæйæ, сылгоймæгтæн тæссагдæр у зæрдæ æмæ дадзинты низтæй. Улæфæнты ракæй, улæфæнты низтæй амæлынæй сын у 13 хатты тæссагдæр, тамако чи нæ дымы, уыцы сылгоймæгтимæ абаргæйæ. Тамакодымæг сылгоймæгтæн дзæвгар зындæр у сывæллон ныййарын, уæлдайдæр — æнæниз сывæллон. Бирæтæн сæ къухы æфтгæ дæр нæ бакæны, ныййарæджы ном хæссой, уый. Æнхъæлцау сылгоймагæн канд тамако нæ, фæлæ йæ фæздæг дæр зиан хæссы йе 'нæниздзинадæн, стæй йæ сывæллоны æнæниздзинадæн дæр. Тамакодымæг сылгоймаг раздæр зæронд кæны, йæ цæсгом банцъылдтæ вæййы, тæссагдæр ын у стджыты низ остеопорозæй, синыстæг асæттынæй.

## Хуымæтæг хатдзæгтæ

Чи зоны, æмæ тамако дымын кæмæдæр рæсугъд кæсы. Фæлæ дзы рæсугъдæй ницы ис — уый иу хъуыддаг, иннæ хъуыддаг та — тамако йемæ хæссы низтæ, мæлæт, уыимæ, тамако чи дымы, канд уымæн нæ, фæлæ йæ алыварс чи ис, уыдонæн дæр. Сылгоймæгтæн та, куыд загътам, афтæ тамако у уæлдай зианхæссæгдæр.

Тамакойæ "нæ" зæгъыны фæнд чи скодта, уымæн баххуыс кæндзысты Æххуысы консультативон телефонты центры, уый тыххæй лæвар бадзурæн ис ахæм телефонмæ: **8-800-200-0-200.** Адæймаг йе 'взæр ахуырыл цæмæй фæуæлахиз уа, уымæн ын ацы ран медицинон æгъдауæй æххуыс кæнынц дохтыртæ, психологтæ та — ныхас æмæ уынаффæйæ.

**Медицинон профилактикæйы республикон центр**

Æмбырд

# Инвестицион программæйы рахæцæнтæ



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис скодта 2023 азы æмæ 2024-2025 азты республикон бюджетæй фæрæзтæ ахсджиаг инвестицион проекттæн радих кæныны тыххæй ведомствæты 'хсæн æмбырд.**

Экономикон рæзты министрад уый тыххæй бацæттæ кодта РЦИ-Аланийы нысанмæарæзт инвестицион программæйы проект 2023 азмæ æмæ 2024-2025 азтæн. Проект бацæттæ кодтой, æххæстгæнæг хицауад цы хъуыддаджы фæндæттæ балæвæрдтой, уый бындурыл, ис дзы 100 нысанæй фылдæр.

Дзанайты Барис куыд бацамыдта, афтæмæй проекты хъуамæ уой ахадгæ нысантæ, социалон æгъдауæй ахсджиаг чи у, ахæмтæ. "Бюджеты фæрæзтæ сæм нывылæй куыд бахæццæ уой, афтæ. Районты разамонджытæ хъуамæ бынæтты бæрнонæй акæсой, цавæр объекттæ сæ хъæуы саразын, кæцы ран. Цæмæй уый фæстæ дзæгъæл лæуд ма кæной, фæлæ адæмæн пайда уой", — загъта Хицауады Сæрдар.

Куыд ма бафиппайдта, афтæмæй фылдæр æргом аздахын хъæуы, республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло сын сæ размæ цы хæстæ сæвæрдта, уыдонмæ æмæ паддзахадон программæты фæлгæты мадзæлттæм. Æмбырды фæбæрæг кодтой ахъаззагдæр объектты арæзтад, фылдæр æхца сын радих кæныны æмæ федералон бюджеты фæрæзтæй ахадгæ хуызы спайда кæнынмæ.

Æмбырды Хицауады Сæрдар бафæдзæхста Экономикон рæзты министрадæн, цæмæй æппæт уæлæмхасæнтимæ инвестицион программæйы проект бадæттой республикон финансон ведомствæмæ. "Финансты министрады та хъуамæ гæххæтмæ бæстон æркæсой, аргъ ын скæной. Хъуыддæгтæм бæрнонæй акæсын хъæуы, уыдæттæ домы республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло", — загъта Дзанайы-фырт.

Уый ма æххæстгæнæг хицауады оргæнтæн бабар кодта федералон центрмæ æрвыст куырдиæттæм къæрцхъус уæвын.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Барад

# Хъæндзинæдтæ иуварс кæнын хъæуы

**Зынгсирвæзты ныхмæ æдасдзинады закъонæвæрынады домæнтæ æххæстгонд цæуынц æви нæ, Алагиры районы прокуратурæ уый сбæлвырд кодта.**

Куыд рабæрæг, афтæмæй, архайæг закъонæвæрынад халгæйæ, районы 15 муниципалон иугонды фæзуатыл зынгсирвæзты гидрантты хайæ пайда кæныны фадат нæй. Фæндæгтæ цалцæг кæныны рæстæг цалдæр гидранты пырхгонд æрцыдысты. Уымæй уæлдай, гидранттæ кæцы ран сты, уымæн амонæнтæ нæй.

Зынгсирвæзты ныхмæ æддагон донифтонгады фæрæзтæй 13 хъæуы ифтонггонд кæй не сты, уый нымайгæйæ, ацы хъæуты зынгсирвæзт хуыссын кæнынæн дон исыны фадат нæй.

Æргомгонд хъæндзинæдтæ нымайгæйæ, районы прокуратурæ горæты æмæ хъæуты сæргълæуджытæн бауайдзæф кодта.

Прокуророн дзуаппы акттыл ныхасы хатдзæгтæ æххæстгонд, закъонæвæрынады хъæндзинæдтæ та иуварсгонд æрцæуыдзысты æви нæ, районы прокуратурæ уыдæттæм цæст дары.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Æрдз — нæ алыварс

# Амбрози — тæссаг зайæгой

**Сæрды фæстаг мæй у, æмæ нæ алфамбылай бынæттæм куы афæлгæсæм, уæд сæ кæмдæриддæр фендзыстæм аив нывæфтыд хъулон-мулон уæлæдарæсы. Фæлæ махæн зæрдæрухсы æнкъарæнтæ æмæ æнæниздзинад цы хæссы, уыцы алæмæты рæсугъд зайæгойтæм æвваахс арæх фенæн вæййы, хицæн адæймæгтæн хъизæмæрттæ æвзарынгæнæг хæмпæлгæрдджытæ.**

Ныхас цæуы, махæй алчидæр иттæг хорз чи зоны, уыцы æнæхайыры амброзийы тыххæй. Фыццагдæр фæзынд Цæгат Америкæйы, фæстæдæр та ныппырх бирæ бæстæтыл, æмæ ныртæккæ кæмдæриддæр нымад у карантинон зайæгойыл. Цæмæн куы фæрсат, уæд дидинæг калыны рæстæг йæ рыг аллергион низ — поллиноз, зæгъæ, кæй æвзæрын кæны, уый тыххæй. Адæймаг уымæй тынг фехснырсы, хъустæ æмæ фындз сæхгæнынц, цæстысыгтæ фезгъæлынц, сæр фæриссы, фылдæр хатт буары тæвд уæлæмæ схизы. Уымæй уæлдай, амброзийы рыгæй рынчын кæнынц хъуыры астмæйæ, æндæр æбуалгъы низтæй.

РЦИ-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады нын куыд радзырдтой, афтæмæй поллинозæй рынчынты бæрæггæнæнтæ (100 мин цæрæджы хыгъдмæ) кæд Цæгат Ирыстоны дæлдæр сты Цæгат Кавказы федералон зылды, уæддæр рæстæмбис нымадæй 30 проценты фылдæр у, Уæрæсейы цас у, уымæй. Специалисттæ фæстаг рæстæг фæдисы дзæнгæрджытæ цæгъдынц: кæд æрæджы дæр ма амброзийы дидинджыты рыг хъыгдардта хистæр кары адæмы, уæд ныр та диагноз поллиноз сæвæрынц чысыл сывæллæттæн дæр.



Цымæ афтæ цæмæн у? Сæйраг аххосæгтæй иу специалисттæ бæттынц амброзиимæ — зайæгойты æхсæн тæккæ карздæр низæвзæрынгæнæгимæ. Уымæн æмæ уый дзæнæты ран ссардта нæ республикæйы дзадджын зæххыл. Куыд зонæм, афтæмæй амбрози йæ быны фæкæны хуымты, дыргъдæтты æмæ уымæй бæлвырд къаддæр фæвæййы хъæууонхæдзарадон культурты тыллæг. Иу сезонмæ уый гектарæй дон бацъиры 900 тоннæйы.

Раздæр азты амброзиимæ тох кæнынмæ уыд стыр æргом здæхт. Хицауады бынæттон оргæнтæиу уынаффæ рахастой ацы тæссаг зайæгойы ныхмæ мадзæлттæ саразыны тыххæй. Санитарон службæтæ та-иу куыстуæттæ æмæ организацийы минæвæрттимæ бæрæг кодтой уавæр, æмæ амбрози куынæггонд кæм нæ цыд, уыцы куыстуæтты разамонджытæ æмæ хиæххуысадон хæдзарæдты хицæутты-иу ивар кæнын бахъуыд.

Хъыгагæн, ныр ахæм архайдæн йæ кой, йæ хъæр дæр нал ис, æмæ амбрози дæр кæм нæ фæзыны, иу ахæм бынат нæй. Фæлæ йæ ныхмæ тох кæнын æнцон нæу. Хъыгдард куы нæ баййафы, уæд дидинæг калын райдайы июлы дыккаг æмбисæй суанг æрæгвæззæгмæ. Иу зайæгой та æппæты фылдæр радты 100 мин мыггаджы, æмæ кæд дыккаг аз сæ фылдæр хай нæ разайы, уæддæр сæ цардхъомдзинад хъахъхъæд æрцæуы 40 азы бæрц.

Кæй зæгъын æй хъæуы, амбрози фесафынæн ахсджиаг хос у уый химион буаргъæдтæй (гербицидтæй) бапырх кæнын, цæмæй йæ кой, йæ хъæр дæр мауал уа зæххыл. Фæлæ ныртæккæйы гæвзыкк царды ахæм мадзал у тынг зынаргъ, фæрæзтæ та нæй. Уымæ гæсгæ, ацы зайæгой куынæг кæнынæн хуыздæр мадзал у бындзарæй йæ кæрдын, сæрды æмæ йæ фæззæджы мæйты уæлæмæ скаст нæ уадзын. Хъуамæ бынæттон хиуынаффæйады администрациты разамонджытæ рох ма кæной, уый адæмы æнæниздзинад бахъахъхъæнынæн йæ хуыздæр хос кæй у æмæ ацы куыстмæ рæвдз фæлæууын кæй хъæуы, уыдæттæ.

**ТОХСЫРТЫ Къоста**

Хабæрттæ районтæй




## Хæрзвадатджын горæт

**Беслæны райрæзты генералон пълан арæзт æрцыд 2024 азы онг. Ардыгæй уæдмæ горæты æппæт уынгтæ дæр сфидаудзысты ног конд фæндæгтæй.**



Районы разамындæн генералон пъланы фæрцы сæ гæнæнтæ бирæ фæуæрæхдæр сты. Арæзт цæудзысты скъолатæ, рæвдауæндæттæ, æвзонг техникты æмæ натуралистты станцæтæ, æндæр социалон объекттæ.

Фæндæгтыл уæлдай фылдæр æмæ арæхдæр транспорт кæм цæуы, уыцы Марковы, Сабырдзинады, Сиговы æмæ Фрунзейы уынгтæ кæндзысты бындурон цалцæг. Асфальт сæвæрыны размæ уал кусджытæ баивдзысты инженерон коммуникацитæ. Сæрмагонд паддзахадон программæйы фæрцы, нæ республикæйы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрады архайдæй ивд цæуынц доны æмæ канализацион хæтæлтæ, къæвдадæттæ кæдæм цæуой, ахæм канализаци дæр. Алы куыстмæ дæр ис цæстдард, — зæгъы министрады бæрнон кусæг **Гæбуты Валери**.

Фæндагон фыдбылызтæ ма 'руадзыны тыххæй фæндæгтæ ифтонг æрцæудзысты сæрмагонд нысантæй æмæ хæххытæй.

**"Рахизфарсы цард"**

## Дымгæйы фыдбылыз

**Дыгуры районы, Мустыздæхы хъæуы цæры 770 адæймаджы бæрц. Уæздан æмæ куыстуарзаг сты, сæхи фæллойæ цæрынц, рæстæгимæ æмдзу кæнынц.**



Æрæджы республикæйы цы тыхджын дымгæ æмæ къæвда ихимæ æрцыд, уыдон бахъыгдардтой ацы хъæубæсты цæрджыты дæр. Ахæм хабар æрцæудзæн, уый æнхъæл ничи уыд. Цыбыр рæстæгмæ хъæубæстæ аззад æнæ электрон тыхæй æмæ бастдзинадæй, цалдæр хæдзары та, газы хæтæлтæ хъыгдард кæй баййæфтой, уый тыххæй баззадысты æнæ æрдзон газæй.

Астæуккаг скъолайы, спортивон комплексы æмæ бынæттон администрацийы бæстыхæйттæн дымгæ систа сæ сæртæ, рудзгуыты æвгтæ асастысты ранæй-рæтты.

Кæм фылдæр, кæм та къаддæр — хъыгдард баййæфтой 25 хи хæдзары сæртæ.

Хъыгагæн, æртæ машинæйыл афæлдæхтысты, дымгæ æд уидæгтæ кæй стыдта, ахæм бæлæстæ.

Æвæстиатæй æппæт службæтæ бавнæлдтой куыстытæм. Цæмæй æнæкъуылымпыйæ æрдзон фыдбылызы фæстиуджытæ аиуварс кæной, ууыл та бацархайдта районы æмæ хъæубæсты разамынд.

**"Дигори хабæрттæ"**

## Фыццаг хатт

**Ацы аз Æрыдоны аграрон-технологон колледжы абитуриентты 'хсæн ис, Æнæпилотон тæхæн аппараты оператор"-ы дæсныйад райсын кæй фæнды, ахæмтæ.**



Нырыккондæр техникæйы хуызтыл æртæ азы æмæ 10 мæйы ахуыр кæндзысты, фараст къласы чи фæцис, уыдоны.

Ацы аппараттæ ма хонынц квадрокоптер, дрон, беспилотник. Бирæ уæлæмхасæн гæнæнтæ дæтты адæмæн, уымæ гæсгæ ацы дæсныйад тынг æхсызгонæй агурынц царды алы къабæзты. Зæгъæм, æнæ уыдонæй нæ сарæхсдзысты ирвæзынгæнджытæ, æххуыс у арæзтадон æмæ хъæууонхæдзарадон куыстыты рæстæг, пайда дзы кæнынц кинонывтæ исгæйæ дæр. Æнæпилотон тæхæн аппаратыл кусынмæ чи арæхсы, ахæм дæсны специалисттæ нæ фаг кæны æхсæнады.

Уымæ гæсгæ, чи сахуыр кæна, уыдонæй алчидæр уыдзæн тынг хъæугæ.

**"Рухс"**

## Дзуапдæттæн концерт

**"Курдиæтты фæрдгуытæ" — афтæ схуыдтой сæ иумæйаг концерты программæ Даргъ-Къохы æмæ Кæрдзыны культурæйы хæдзæртты хихъæппæрисадон къордтæ.**



Хорз фæтк æвæрд æрцыд ацы хъæуты культурон царды — афæдз иу хатт адæмы тæрхонмæ рахæссын, ивгъуыд рæстæгмæ къухы саразын цы бафтыд, уыцы сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ.

Дзуапдæттæн концерт хъæуккæгтæн у бæрæгбон æмæ æхсызгон фембæлд. Уый ма у фæлтæрты бастдзинад æвдисæг.

Рæсугъд у ирон кафт, стыр циндзинад бауадзы адæймаджы зæрдæйы. Ирон кафты ансамблтæ "Бæллиц" æмæ "Хъазыбег"-ы хистæр æмæ кæстæр къордтæ, инструменталон ансамбл "Амонд", фæндырдзæгъдджыты къорд "Фарн", сывæллæтты инструменталон ансамбл "Цин", вокалон къорд "Сияние", доулыл цæгъдджытæ адæмы зæрдæтæ барухс кодтой. Æрвылбон семæ зæрдиагæй куыстой сæ разамонджытæ Къуымæллæгкаты Терезæ, Плиты Альбинæ, Джыгкайты Хъазыбег, Саламты Жаннæ, Къораты Чермен.

Сæ фыдæбоны тыххæй хæдахуыр артисттæн æмæ сæ разамонджытæн арфæ ракодта Кировы районы Культурæйы галуаны директор **Хъазиты Дианæ**.

**"Размæ"**

**Æрмæджытæ бацæттæ кодта ГУГКАТЫ Жаннæ**

# Дугтæ æмæ царды æвдисæг айдæн

## Республикон газет "Северная Осетия"-йы фыццаг номыры рауадыл сæххæст 105 азы

## Царды фæлварæнтæ

Алы заманты дзыллæтæ æмæ æхсæнад цæмæй цæрынц, сæ цинтæ, сæ сагъæстæ цавæр сты, уый равдисынæн ахъаззаджы хъæугæ фæрæз у газет. Ирыстоны фарны лæгтæ, рухстауджытæ, фысджытæ йын нæ дзыллæйы раз йæ ахадындзинад куыд стыр у, уый æмбæрстой æмæ революцийы размæ алы азты архайдтой политикон, рухсадон, культурон нысан кæмæн уыд, ахæм газеттæ уадзыныл ирон æмæ уырыссаг æвзагтыл. Зæгъын хъæуы уый, æмæ уыцы мыхуыры фæрæзтæн сæ кæцыдæр хай уыд паддзахы политикæйы фарс, иннæтæ та архайдтой адæмы цард рæстагæй æвдисыныл. Уый нæ цыд уæды рæстæджы хицауады зæрдæмæ æмæ сын цыбыр рæстæгмæ сæ фæндæгтæ уæрæх дзыллæтæм сæхгæдтой.

Ралæууыд 1917 азы революци. Арæзт æрцыд советон паддзахад, райдыдта ног цард æмæ ног дуг. Æвæрæз, æнæбонæй йæ царды бонтæ, кæугæйæ, чи æрвыста, уыцы адæмтæ сæрибарæй сдзырдтой сæ бартыл, фæзынд сын сæ зæххыл кусыны æмæ уæды рæстæджы цы заводтæ æмæ хæдзарæдтæ арæзтой, уыдоны фæллой кæныны фадат. Нæ бæстæйы цæрæг чысылнымæц адæмыхæттытæн ног царды бындурон арфæйаг ивддзинæдтæ уæлдай стырдæр хæрзтæ æрхастой. Кæд сæ фылдæр паддзахы дуджы æнахуыргонд уыдысты, уæд сын ныр та фæци фадат лæвар ахуыр кæнынæн, сæ курдиаты рæзтыл кусынæн.

Ирыстоны сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ, Терчы адæмон советы лæмбынæг хъусдардæй, бауынаффæ кодтой æмæ бындур æрæвæрдтой, нæ дзыллæйæн ныр сæдæ фондз азы рухстауæг чи сгуыхы, уыцы газет "Северная Осетия"-йæн. Йæ фыццаг номыр мыхуыры рацыд 1917 азы 3 августы "Красное знамя", зæгъæ, ахæм номимæ. Уыцы азы декабры цавæрдæр аххосæгтæм гæсгæ газетæн йæ ном ивд æрцыд æмæ рахуыдтой "Народная власть". Цыбыр рæстæгмæ та ацы мыхуыры фæрæзæн йæ ном ивын бахъуыд "Коммунист", зæгъгæ, уыцы номæй. Йемæ ма цæуын райдыдта сæрмагонд уæлæмхасæн сыф "Листок приказов". Уый фæрцы та уæрæх дзыллæтæм хаст цыдысты революцион комитеты уынаффæтæ, сæ архайд, сæ куыст ног цардарæзты хъуыддаджы. Ирыстоны хицауад Хæххон республикæ куы расидтысты, уæд та газеты ном дæр "Горская правда"-йæ ивын бахъуыд. Уыцы номимæ газет мыхуыры фæцыд 1924 азмæ. Уыд Хæххон республикæйы æххæстгæнæг комитеты разамынды бæрны. 1924 азы 26 августæй суанг 1933 азы июнмæ газет хуынд "Власть труда". Уыцы азты йæ редакцийы цы уацхæсджытæ куыста, уыдон æппæтбарсыгæй фыстой республикæйы колхозты, заводтæ æмæ фабрикты арæзтадыл, сæ кусджыты фæллойадон æнтыстытыл. Уыцы сфæлдыстадон куысты уаг нæ фехæлд, Коммунистон партийы Цæгат Ирыстоны АССР-йы обкомы уынаффæйæ газет "Пролетарий Осетии" куы схуыдтой, уæд. 1939 азы 1 майæ суанг 1990 азмæ газеты ном ивд нæ цыд, 50 азы иу за цухæй хуынд "Социалистическая Осетия". Газеты ном аивын æй бахъуыд æрмæстдæр рацарæзты дуджы фыццаг азты. Уæдæй абонмæ цæуы куыд газет "Северная Осетия"-йæ.

Рæстæг цыд, кæрæдзи ивтой газеты редактортæ æмæ уацхæсджыты фæлтæртæ. Фæлæ газет "Северная Осетия" йæ адæмы раз йæ нысантæ æххæст кодта æмæ кæны барджынæй, зындзинæдтæй нæ тæргæйæ. Йæ журналистты алы фæлтæры минæвæрттæ дæр архайдтой Ирыстоны политикон, хъæууонхæдзарадон, экономикон, культурон, спортивон къабæзты цавæр æнтыстытæ ис æмæ къуылымпыдзинæдтæ æвзæры, уыдоныл рæстагæй æмæ мидисджынæй фыссыныл, газеткæсджыты фарстытæн алы къабæзты сæргъы лæууæг бæрнон кусджытæй дзуаппытæ домыныл æмæ афтæмæй нæ дзыллæйы тыхстаг фарстатæ лыг кæныныл.


КРАСНОЕ ЗНАМЯ
Собранія и съѣзды


ВЛАСТЬ ТРУДА
Рапортуем 16-му



**“Социалистическая Осетия” æмæ “Рæстдзинад”-ы редакциты иумæйаг фембæлд ихсæттæг нау “Арктикæ”-йы капитан КУЧИТЫ Юриимæ. 1970 азты кæрон**

## Хæсты заман

1941 азы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг суанг йæ кæронмæ газеты редакцийы журналисттæ се 'рмæджытæй, очерктæ æмæ уацтæй уыдысты нæ дзыллæйы зæрдæты ныфс, æууæндын сæ кодтой, Уæлахиз мах кæй уыдзæн æмæ немыцаг лæгсырдтæ нæ уарзон зæххæй тард кæй æрцæудзысты, уууыл. Уæдæ Иры намысджын фырттæ — ССР Цæдисы инæлартæ Плиты Иссæ, Мамсыраты Хаджумар, Хетæгкаты Георги, Дзусаты Ибрагим æмæ иннæ ирон сагсур хъæбултæ, алы фронтты хæцгæйæ, цы лæгдзинæдтæ æвдыстой, уый дæр газеты æвдыст цыд парахатæй. Тохы цæхæры знаджы ныхмæ лæгæй-лæгмæ чи хæцыд канд уыдоны сгуыхтытыл æмæ лæгдзинæдтыл нæ фыста газет "Социалистическая Осетия" уыцы рæстæджыты. Рох дзы нæ уыдысты фронты фæсчъылдымы архайæг фæллойгæнджыты, заводтæ æмæ фабрикты кусджыты æнтыстытæ Уæлахизы æмæ бæллицбæлыст фæндагыл. Не Стыр Уæлахизы бон куы 'рцыд, уæддæр газет йе 'рмæджыты æвдыста, нæ адæмæн сæрибарад æмæ сабырдзинад чи æрхаста, фæллойы стыр æнтыстытæ чи равдыста, уыдоны æнтыстытæ æмæ сгуыхтытæ. Хæсты уæззау фæстиуджытæ аиуварс кæныныл, хæлд хæдзæрттæ, скъолатæ, заводтæ, фабриктæ, клубты арæзтад куыд цæуы, уый тыххæй газеткæсджытæн хъусын кодтой се 'рмæджыты, куыд редакцийы журналисттæ, афтæ æхсæнадон уацхæсджытæ дæр.

Намысджын æмæ кадджын рауадысты, газеты редакцийæ тохы цæхæрмæ чи атындзыдта, æмæ дзы йæ хæс кад æмæ радæй чи сæххæст кодта, йæ дзыллæйæн Уæлахиз чи 'рхаста, уыдоны тохы фæндæгтæ. Номæй-номмæ сæ ранымайдзыстæм: Тменаты Н., Н. Куракин, В.Савченко, Любченко, Ф. Белоусов., М. Гольдберг, Нæкусаты В., П. Уткин, Г. Гузь, Виталий Лукьяненко. Алкæмæн дæр сæ йæ лæгдзинады тыххæй саккаг кодтой ордентæ æмæ майдантæ.


Социалистическая ОСЕТИЯ
Камера исследует мир
В поле отряд плодородия
ЦЕХ В ШКОЛЬНОМ КЛАССЕ
Новая станция


Северная Осетия
НЕ «ОТ КУТЮР», НО «С ИГОЛОЧКИ»
Какие песни вызывают у вас любовь к Родине?

## Нæ дзыллæйы рæзты æвдисæн

Газет **"Социалистическая Осетия"**-йы ивгъуыд æнусы 60-æм, 70-æм, 80-æм азты цы æрмæджытæ цыд, уыдоны зыны, уыцы азты нæ республикæйы царды архайды алы къабæзты экономикæйы, партион куысты, хъæууон хæдзарады, ахуырады, зонады, культурæйы, аивады, хъомылады, спорты цы стыр æнтыстытæ æвдыста æмæ нæ дзыллæйы царды уавæртæ, алы æрдзуæй, куыд горæтты, афтæ хæххон æмæ быдираг хъæуты хуыздæргæнгæ куыд цыдысты, уый. Уыцы азты фылдæрæй-фылдæр кодтой газеты ног рубрикæтæ æмæ тематикон фæрстæ.

1967 азы 2 августы газет "Социалистическая Осетия"-йы фыццаг номыры рацыдыл сæххæст 50 азы. Йæ редакцийы кусджытæ уыцы бæрæгбонмæ стыр сфæлдыстадон æнтыстытимæ кæй сæмбæлдысты, уымæн ахъаззаджы æвдисæн уыд уый, æмæ газетæн ССРЦ-ы Сæйраг Советы Президиумы Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд **"Кады нысан"**-ы орден. Уыцы рæстæгмæ нæ республикон газеттæй ахæм стыр хæрзиуæг никæцыйæн уыд. Уый газеты æппæт кусджытыл бафтыдта ног тыхтæ, хиуыл фервæссыны хос сын нæ фæуæвгæйæ, разæнгард сæ кодта æмæ абон дæр кæны ног профессион сгуыхтытæм. 2017 азы та сæ схорзæхджын кодтой Æппæтуæрæсеон майданæй **"Золотой фонд прессы-2017"**.

Рацарæзты дуг куы райдыдта æмæ бирæ регионалон газетты редакцитæ æхгæд куы æрцыдысты, уæддæр газет **"Северная Осетия"**-йы фæлтæрдджын æмæ фендджын уацхæсджытæ сæ архайд нæ бамынæг кодтой. Уыцы уæззау дуджы æхсæнады цы тыхстаг фарстатæ уыд, уыдон кæддæриддæр хастой æхсæнады размæ. Уыцы уагыл аразы йæ куыст абон дæр редакцийы алы кусæг дæр. Йæ абоны сæйраг редактор **Битарты Маринæйæн** æмæ газеты уацхæсджытæн ис сæхи сæрмагонд сфæлдыстадон, хæдхуыз фæндаг, кад æмæ радимæ йыл кæй цæуынц, уымæн хорз æвдисæн — газет **"Северная Осетия"**-йы æрмæджыты тематикæ уæрæхдæр кæй кæны. Уый та уууыл дзурæг у, æмæ газет **"Северная Осетия"**-йы уацхæсджытæ æрвылбон дæр сæ цæст дарынц республикæйы царды къабæзты рæстмæ. Парахатæй фыссынц, не 'хсæнады рæзт нын къуылымпы чи кæны, уыцы фарстатыл. Нæ царды иумæйаг æнтыстытыл та фæцин кæнынц зæрдæбынæй. Газеты редакцийы алы рæстæджыты куыстой, йæ азфысты йын ирд æмæ хæдхуыз фæд чи ныууагъта, уыцы редактортæ æмæ журналисттæ: Сергей Киров, Михаил Булгаков, Саламаты Барис, Наталья Агибалова, Цæголты Васили, Дзугаты Барис, Дзампаты Мæирбег, Ольгæ Вышлова, Хъуысаты Генри æмæ Олег, Рубен Манукян, Маринæ Литвиненко, Хъайтыхъты Еленæ, Бетоты Мария, Гуырдзыбеты Иринæ, Ларисæ Храпова, Гуыриаты Барис, Тимофей Ефимцов, Сæгуытонты Зауырбег, Дзаццеты Тамарæ, Цогойты Георги, Есиаты Измаил, Хъуысаты Барис, Гокъоты Ксения, Гуыриаты Ася, Цæголты Олег, Хетæгкаты Тамарæ, Соттиты Риммæ, Сакъиты Эльбрус, Гутнаты Валодя, Толасты Беллæ, Нелли Бетчер, Людмилæ Андреева, Бицъоты Барис, Хосты Лизæ, Лагкуты Рамазан, Хæмыцаты Морис, Зураб Тимченко, Виталий Лукьяненко, Еленæ Толоконникова æмæ Алинæ Акоефф, Касаты Аслæнбег.

Хистæр фæлтæры уацхæсджытæ газеты цы сфæлдыстон æгъдæуттæ ныууагътой, уыдоныл æртывæрæй æфтауынц газеты редакцийы бæрнон кусджытæ æмæ журналисттæ Битарты Маринæ (сæйраг редактор), Колыты Иринæ, Александр Торин, Гæгаты Нателлæ, (йæ хæдивджытæ), Валентинæ Зыгина (бæрнон нымæрдар), Светланæ Мамедова, Светланæ Громова (йæ хæдивджытæ), сæрмагонд уацхæсджытæ: Гæцойты Наталья, Суанты Сергей, Всеволод Рязанов, Махъоты Мæдинæ, Гуыбыраты Зæлинæ, Дарчиты Юлья, Хъамбегаты Аделинæ, Тамарæ Бунтури, Татьянæ Шеходанова (къамисæг). Газеты сайты редактор Цогойты Аидæ, компьтерон цехы хицау Владислав Казанский. Уацхæсджытæй бирæтæ сты филологон наукæты кандидаттæ, УФ-йы Фысджыты, Журналистты æмæ Профессион литераторты цæдисты уæнгтæ. Иудадзыгдæр фæархайынц нæ бæстæйы æмæ РЦИ-Аланийы Журналистты цæдистæ кæй расидынц, уыцы сфæлдыстадон конкурсты æмæ дзы свæййынц уæлахиздзаутæ.

Газеты тираж у 8 мины æмæ 984 экземпляры. Уымæй уæлдай, газетæн Интернеты ис йæхи сæрмагонд сайт. Уый фæрцы та йæ алы ног номыры æрмæджытæ нæ бæстæйы æмæ фæсарæнты кæсынц мингай дзыллæтæ. Фæстаг æхсæз азы газеты алы ног номыр дæр, куыд иннæ республикон газеттæ, афтæ æрвыст цæуы Уæрæсейы Национ электрон библиотекæйы тæрхæджытæм. Уый фæрцы та йæ кæсынц æмæ йæ мидисджын æрмæджытæй се 'рвылбоны архайды иудадзыгдæр пайда кæнынц дунейы æмæ нæ бæстæйы зындгонд политиктæ, амалхъомтæ æмæ ахуыргæндтæ. Ацы хорз дæнцæгтæ та сты уууыл дзурæг, æмæ нæ бæстæйы цы газеттæ цæуы, уыдоны 'хсæн газет **"Северная Осетия"**-йæн ис йæхи сæрмагонд æмæ кадджын бынат.

**Газет "Рæстдзинад"-ы редакци зæрдиаг арфæ кæны Цæгат Кавказы рагондæр газеттæй иу "Северная Осетия"-йы редакцийы кусджытæн сæ кадджын юбилейон бæрæгбоны фæдыл. Сæ удцыры тых æмæ фыссæн сисы цæхæрæй, нырмæ Ирыстоны фæрныгадыл куыд зæрдиагæй архайынц, уыцы равг сын сæфт куыд никуы уа, афтæмæй æнæниз æмæ зæрдæрухсæй сæ алчидæр йæ размæ æвæрд хæстæ куыд æххæст кæна, ахæм амонд сын Хуыцауы цæст бауарзæд. Мах та сын, сæ зын, фæлæ арфæйаг куысты æнтыстыл цингæнæг уыдзыстæм кæддæриддæр!**

***Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ***

## Спортивон фидиуæг



### Спартакиадæ

# Нæ зæрдæ сыл дарæм

**Æппæтуæрæсеон Спартакиадæ сæрдыгон спорты хуызтæй ацы аз цæудзæн 10 августæй 2 октябрмæ.**

Ерыстæ цæудзысты спорты 40 хуызæй, сæ фысымтæ та уыдзысты Уæрæсейы 11 субъекты.

Спартакиадæйы программæ арæзт у, 2024 азы цы 33-æм Олимпиаг хъæзтытæ цæудзысты, уыдоны программæмæ гæсгæ.

Ирыстоны спортсментæ дзы архайдзысты спорты 25 хуызæй. Нæ республикæйы цæрджытæ сæ зæрдæ дарынц, нæ фæсивæд спартакиадæйы æнтыстджынæй кæй архайдзысты æмæ нын сæ уæлахизтæй стыр лæвæрттæ кæй ракæндзысты.




Уæлдай тынгдæр спортуарзджытæ сæ зæрдæ фæдарынц нæ богæлттыл, штангисттыл, фехтовальщиктыл, дзюдоисттыл,

20 августы Татарстаны сæйраг горæт Хъазаны ерыстæ райдайдзысты уæгъдибар æмæ грекъаг-фæлæ спартакиадæйы нæ спортсментæ иннæ хуызтæй дæр хъуамæ фæстæзад ма уой.

ромаг хъæбысхæстæй, дзюдойæ, сылгоймæгты хъæбысхæстæй.

Уыцы ерысты Спартакиадæйы уæлахиздзау суæвынæн тох кæндзысты нæ тыхджындæр богæлттæ æмæ дзюдоисттæ, æмæ нæ уырны, нæ чызджытæ æмæ лæппуты нæмттæ хуыздæртимæ кæй нымайдзысты, уый.

Уыцы бонты Мæскуыйы нæ чызджытæ æхсæзæй тох кæндзысты фехтованийæ ерысты æмæ уым дæр ис, нæ зæрдæ кæуыл дарæм, ахæм æвзыгъд чызджытæ.

Спортивон амонд семæ цæуæг уæд!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Насты дуне

# Неси

**Фæстаг рæстæг селекцийы сыгъзæрин фонды несийы стæм мыггæгтæ парахат кæнын райдыдтой халсары хуыздæр куыстгæнджыты ‘хсæн, æмæ уый хуымæтæджы афтæ нæу. Неси у, аргъ кæмæн нæй, ахæм хойраджы продукт. Уымæй уæлдай ма йæм ис бирæ хосгæнæн миниуджытæ дæр.**

Ботаникон равзæрдмæ гæсгæ неси у иуазыккон хъармуарзаг зайæгой. Йæ зæнг цалдæр метры ахилы фæйнæрдæм, йæ райгуырæн бæстæ та у Астæуккаг Ази. Фæлæ, ныртæккæ неси кæм нæ зайын кæнынц, иу ахæм паддзахад нæй Зæххы къорийы. Суанг ма Уæрæсейы хуссайраг районтæй дарддæрæй-дарддæр цæуы цæгатмæ.

Ахæм уазал рæтты пайда фæкæнынц сæрмагонд агротехникон мадзæлттæй æмæ несийы уæлдай тагъддæр цæттæгæнæн мыггæгтæй.

Ахуыргæндтæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй неси диссаджы хъæздыг у хæлцады продукттæй. Зæгъæм, сæкæр дзы ис 10-15 проценты. Хъуаг нæу аскорбины туагадæй дæр. Уый та адæймаджы организмы хъахъхъæны алыхуызон хæцгæнизтæй. Уæдæ витаминтæ Р æмæ Р1 та цармы хус кæнын нæ фæуадзынц.

Несийы руаджы хойраг хуыздæр батайы, алыхуызон буаргъæд-ты



ивындзинад нывыл кæнын райдайы. Фолийы туагад æмæ витамин Р фесафынц тугдадзинты сæртæгдзинад, туджы æлхъывдад бæлвырд фæхуыздæр вæййы. Каротин, ароматон иугæндтæ, минералон буаргъæдтæ, уæлдайдæр æфсæйнаг, крахмал — 08 проценты, клетчаткæ æмæ дзы витамин А кæй ис, уый руаджы цæстæй хуыздæр уынын райдайæм, хæцгæнизтæ фесæфынц. Уымæй уæлдай, адæймаджы куыстхъомдзинад фæфылдæр вæййы, уæнгрог æмæ йæм æнæниздзинады æнкъарæнтæ фæзынынц.

Бирæтæ, æвæццæгæн, нæ зондзысты, несимæ бирæ хосгæнæн миниуджытæ кæй ис, уый. Хистæр кары адæмтæн æй фæамонынц, сæры магъзы æмæ зæрдæйы тугдадзинтæ хъыгдард куы вæййынц, уæд. Тынг пайда у сывæллæттæн дæр. Хъуыддаг афтæ у, æмæ йæ дыргъты æфсæйнаджы æнцонтайæн цæххытæ кæй ис, уый руаджы неси хорз æххуыс кæны зæрдæйы тугдадзинты системæйы, уыргты, игæры, чысыл туджы низтæ фесафынæн. Дзæбæх кæны геморрой, сæры рыст банцайы. Уымæй уæлдай, адæймаджы иумæйаг æнкъарындзинад хуыздæр кæны, йæ ахаст хъæлдзæгдæр вæййы.

Ныхас несийы канд хосгæнæн миниуджытыл нæу. Куыд зонæм, афтæмæй ацы хойраджы продукт мыды хуызæн хæрзад вæййы цæттæйæ. Сæрд йæ тæмæны бацыд æмæ, бурачъи неситæ дуканиты тæрхæджытыл куы фенут, уæд сæ балхæнынмæ ма фæзивæг кæнут. Уымæн æмæ неси у æнæниздзинады хос. Цас дзы фылдæр хæрат, уыйас цардхъомдæр уыдзыстут.

**БЕСЛЕХЪОТЫ Ирæ, дохтыр**

# Дзырдбыд




**ФÆРСЫРДÆМ:** 4. Зындгонд уырыссаг советон фыссæг. 7. Тагъд дон ... не 'ййафы (æмбисонд). 8. Хæдзарон фос. 9. Хуыз. 10. Хъæддаг цæрæгой. 11. Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ. 13. Уæйгæнæн бынат. 16. Нæртон нозт. 17. Кад, æгъдау. 18. Чеджемты Георы пьесæ "Цола"-йы архайæг. 19. Æнæлæг ус. 21. Мæскъ. 22. Афганистаны сæйраг горæт. 24. Уæрæсейы горæттæй иу. 28. Лыстæг уисæй быд кусæн дзаума. 29. Туаты Дауыты пьесæ "Сидзæргæс"-ы архайæг.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Хæдзарон маргъ. 2. Хъайттаты Сергейы пьесæ "Нарты Сослан"-ы архайæг. 3. Нымæц. 5. Куырды мигæнæн. 6. Нывгæнæджы кусæнуат. 12. Горæт Францы. 13. Æргъом, куырис. 14. Саулохты Мухтары комеди "Усгур"-ы архайæг. 15. Цæугæдон Башкиры æмæ Казахстаны. 20. Къæдзил. 23. Фосхизæн бынат. 25. Тугдзых сырд. 26. Буары хай. 27. Стыр кæсаг. 29. Цыргъбырынкъ хæцæнгарз.

### Дзуаппытæ 30 июлы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 5. Хъуыдыйад. 8. Дзæмбы. 9. "Знæгтæ". 12. "Хабар". 13. Дзырд. 14. Згъæр. 17. Багалæг. 18. Китайаг. 19. Цъиусур. 21. Сардзин. 25. Татха. 26. Хъуаз. 27. Рæсæн. 30. Тæтæри. 31. Суадон. 32. Сисамайæг.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Хъама. 2. Уырыдзы. 3. Мыдзыра. 4. Нахæт. 6. Дзуака. 7. Атагъа. 10. Рауагъдад. 11. Кæразимæг. 15. Цæкуы. 16. Минас. 20. Уахъæз. 22. Дзæгот. 23. Хъримаг. 24. Хансиат. 28. Хæрис. 29. Кадæг.

## Проект

# Балц — Цæгат Ирыстонмæ

**Уæрæсейы адæмыхæттыты хъуыддæгты федералон агентады æххуысæй кæй æххæст кæнынц, уыцы культурон-историон проект ”Хæлардзинады маяктæ. Кавказы мæсгуыты” архайджытæ Цæгат Ирыстонмæ æрбацыдысты.**

13 августы æмгъуыдмæ фæсивæд, студенттæ æмæ бархионтæ архайдзысты зындгонд кавказаг сигналон, хæстон æмæ хъахъхъæнæн мæсгуытæ æмæ фидæрттæ бахъахъхъæныны æмæ сæ ногæй саразыны фæдыл куыстыты.



Мæскуыйы облæст, Калугæ, Перм, Калининград æмæ Цæгат Кавказы республикæтæй 45 адæймаджы базонгæ уыдзысты Дагестан, Цæгат Ирыстон æмæ Мæхъхъæлы рагон цардимæ.

Хохаг базæты æрцæрæг амынд проекты архайджытæ бонæй мæсгуытæ биноныг кæндзысты æмæ Цæгат Кавказы адæмты æгъдæуттимæ базонгæ уыдзысты, изæрæй та сæ фæллад уадздзысты æмæ хабæрттæ сæ боныгты фысдзысты.

Проекты хæс у бæстæйы регионты ‘хсæн хæлар ахастдзинæдтæ фидар кæнын.

Дзæуджыхъæумæ æрбафтæг проекты, архайджытæн арфæ кæнгæйæ, нæ республикæйы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министры хæдивæг **Къуымæллæгаты Олег** загъта: "Цæгат Ирыстонмæ балцæй райгондæй цæмæй баззайат, уый уын мæ зæрдæ зæгъы".

**Нæ уацхæссæг**

## Барадон фæтк

# Наркотик æм ссардтой

**Рæстæгмæ Мæскуыйы чи цæры æмæ Цæгат Ирыстонмæ сусæг æвæрæнты фæрцы наркотиктæ хæлиу кæнынмæ чи æрбафтыд, Дзæуджыхъæуы пъæлицæйы кусджытæ Астæуккаг Азийы паддзахæдтæй иуæй Уæрæсемæ æрбацæуæг ахæм 26-аздзыд лæппуйы баурæдтой.**

Ахст адæймаджы уæлæдарæсы, баджигул кæнгæйæ, барадхъахъхъæнджытæ йæм ссардтой 30 г синтетикон наркотик "метадон" (ацы наркотикæй саразæн уыд 300 иухаттон дозæйы). Наркокъулер кæй саразта, пъæлицæйы кусджытæ наркотикты уыцы сусæг æвæрæнтæ ссардтой.

Уголовон хъуыддаг кæуыл саразтой, уыцы лæппуйæн тæссаг у 20 азы дæргъы ахæстоны фæбадынæй.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

## Рагон къамтæ дзурынц

# Ирон студентты къорд



**Ацы къам ист æрцыд Ростовы 1926 азы. Кæсджытæ, курæг уæ стæм: кæд дзы искæй базонат, уæд нæм фехъусын кæнут!**

## Этюдтæ

**БУДАЙТЫ Милуся**

### Сæрд

Хæхты цъуппытæ æрттивынц райсомы хуры тынтæй. Хъуысы цæугæдоны сæр-сæр. Æрбадымы рог дымгæ, æмæ сыфтæр сыбар-сыбур кæны бæлæстыл. Кæрдæгыл сæууон æртæх фæрдгуытау æрттивы. Уардитæ дæр нуазынц сæууон æртæх...

Бæлæсты къалиутыл цъиутæ цъыбар-цъыбур кæнынц, зарынц сæ хуыздæр зарджытæ. Райхъуысы уасджыты хъи-хъырихъу, кæрчыты хъуыдатт. Уасынц хъуццытæ сæ родтæм, хъал сæ кæнынц...

Райхъал сты адæм, цъиутæ, сырдтæ, фос, кæрдæг, бæлæстæ, дидинджытæ, цæугæдон...

Цард та фæуæлахиз!

### Дидинджытæ

Диссаг у, фæлæ дидинæг алцыдæр "æмбары" лæгъз ныхас, уарзт, рæвдыд. Мæ кусæнуаты дурынты сагъд дидинджытæ ис. Куыд æмбæлы, афтæ сæм зилын. Дон дæр сыл кæнын, сæ мæр дæр сын баивын аз иу хатт, сæ хус сыфтæртæ дæр сын æртонын. Арæх семæ фæныхас кæнын æмæ мæм афтæ фæкæсы, цыма мын мæ ныхас дæр æмбарынц. Сæхиуыл схæцынц, сæ сыфтæр æрттивын байдайы. Уыцы рæстæг сын фенкъарын сæ уарзт. Стæй æнкъард кæнын дæр зонынц.

Дыууæ боны — сабат æмæ хуыцаубоны куысты нæ вæййын. Къуырисæры куы æрбацæуын, уæд дидинджытæн сæ сыфтæр ранæй-ран фæбур вæййы, донхъуаг кæд нæ вæййынц, уæддæр. Стæй та къуырийы дæргъы сæхиуыл схæцынц.

Иу хатт куы уыдис, уæд фæрынчын дæн. Ме 'мкусджытæй иуæн бафæдзæхстон, мæ дидинджытыл мын дон кæн, зæгъгæ. Мæ кусæнуаты рудзынгыл иу дидинæг уыд. Иронау куыд хуыйны, уый нæ зонын, фæлæ уырыссагау "молочай" у. Сындзджын, нарæг, лыстæг, цъæх сыфтæ йын, стæй йыл гыццыл сырх дидинджытæ. Афтæ мæм каст, цыма уыцы дидинæг мæн иннæтæй фылдæр уарзы, стæй мæ хуыздæр æмбары.

Иу бон куы уыдис, уæд мæм, дининджытыл мын дон кæн, зæгъгæ, кæмæн бафæдзæхстон, уый фæдзырдта хæдзармæ телефонæй: "Дæ дидинæг æппындæр мæ къухæй дон нæ нуазы. Ныккæнын ыл, æмæ афтæ уæлейы фæлæууы. Мæнмæ диссаг фæкаст, уымæн æмæ ацы дидинæг дон тынг уарзы. Куыддæр ыл-иу ныккодтаис дон, афтæ иу æй ацъырдта. Афтæ никуы ма уыд, æмæ уæлейæ лæууа дон.

Цасдæр рæстæджы фæстæ куыстмæ рацыдтæн. Цыдæр æнкъард уыдысты мæ дидинджытæ, уæлдайдæр та молочай, кæй хонынц, уый. Æз сыл дон ныккодтон, йемæ ныхæстæ кодтон, æмæ та ногæй сæхиуыл схæцыдысты. Цин мыл кодтой.



### Дыууæ цæстæнгасы

Сæмбæлдысты дыууæ цæстæнгасы. Сæ бон нал у кæрæдзийæ сæхи атонын. Цыдæр тых сæ æлвасы кæрæдзимæ. Иу цæстæнгас дзуры: "О, уаих фæуай, куыд тынг дæ уарзын. Бамбар мæ, бамбар. Арæх дæ уынын мæ фыны. Мæ бон нал у æнæ дæу. Фæлæ дын нæма уæндын мæ зæрдæ раргом кæнын. Тæрсын, тæрсын, куы нæ мæ бамбарай. О Хуыцау, цы кæнон?! Уæд та, уæд та дын зæгъин мæ уарзты тыххæй?..."

Иннæ цæстæнгас æфсæрмытæ кæнгæ дзуапп дæтты: "Æз дæр дæ уарзын, уарзын. Фæлæ дын куыд зæгъон мæ уарзты тыххæй? Æнхъæлмæ кæсдзынæн. Æнхъæлмæ кæсдзынæн, кæд мын раргом кæнай дæ зæрдæ! Мæ ныфс! ... Мауал мæ æмбæхс дæ уарзт..."

Дыууæ цæстæнгасы бамбæрстой кæрæдзийы .... Дыууæ цæстæнгасы...

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Сантехник: устранение засоров любой сложности. Тел.: 8-918-834-82-74 (Эльбрус).**

**Газет “Рæстдзинад”**

хицæн адæймæгтæй, куыстуæттæй, кооперативтæй, алыхуызон фирмæтæй, кинотеатртæй, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ, бæрæгбæтты, куывдты, чындзæхсæвты æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

### Хъусынгæнинаг

Адæмон фронт рауагъта проект "Æппæтдæр — Уæлахизæн!" Уыцы проекты фæлгæты регионалон хайæдтæм æрбахæссæн ис æфсæддон дæлхайæдтæ æмæ сабыр цæрджытæн дзаумæттæ, уыимæ, материалон-техникон фæрæзтæ æфсæддонтæн.

Ис ма сын æхцайы фæрæзтæй баххуыс кæнæн официалон сайтæй: **https://pobeda.onf.ru/.**

Бæстон хъусынгæнинаг проекты архайыны тыххæй райсæн ис телефонæй: **8-(800)-200-34-11,** стæй ма официалон сайтæй дæр **https://pobeda.onf. ru/.**

Адæмон фронты регионалон хайады адрис:

**Дзæуджыхъæу, Димитровы уынг 2, телефон: 70-70-08.**



Фæрниаты мыггаг, хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц, сæ зынаргъ æфсымæр, авиацийы хистæр лейтенант

**ФÆРНИАТЫ**
**Оледжы фырт Олег**

æвирхъауæй кæй фæмард, уый.

Зиан рахæсдзысты 6 августы, сабаты, Быдыры Фыййаджыбылы, Брытъиайы-фырты уынджы 61-æм хæдзарæй.

Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Боциты Филиппы чызг Магдæйæн, йæ хъæбулы хъæбул

**ÆЛБОРТЫ**
**Артуры фырт Ацæмæз**

цардхъуагæй кæй амард, уый фæдыл.

Зиан рахæсдзысты 6 августы, сабаты, Дзæуджыхъæуы, Алагираг уынджы 24-æм хæдзарæй.

Номыры радгæс редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæуууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонæй бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3474.
Заказ № 859.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**